

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa dina hirup kumbuhna di masarakat moal bisa leupas tina basa pikeun sarana komunikasi, boh maké lisan boh tulisan. Ngaliwatan média basa manusa bisa nepikeun maksud, tujuan jeung emosina. Lian ti éta, ngaliwatan média basa manusa ogé bisa mekarkeun éksprési jiwa jeung kreativitas éstétisna. Salasahiji cara pikeun bisa mékarkeun éta hal nya éta ku cara nyipta karya sastra. Karya sastra mangrupa hasil karya, cipta, rasa, jeung karsa manusa (pangarang) anu gelarna dina medium basa. Wangun basa nu digunakeun dina karya sastra éstu basa nu éndah, miboga ajén éstétis.

Hal-hal anu diébréhkeun dina karya sastra biasana mangrupa rékaan. Aya ogé anu mangrupa tironan atawa gambaran tina kahirupan nyata nu biasana diropéa deui saluyu jeung imajinasi pangarangna anu sumberna tina kanyataan-kanyataan kahirupan masarakat.

Carita pondok atawa nu sok disingget carpon mangrupa salah sahiji wangun tina karya sastra (tinulis) nu caritana rélatif pondok. Kiwari, kagiatan maca carpon hususna carpon Sunda geus jarang dilakukeun tur kaperhatikeun, ku sabab geus katungkulan ku média anyar saperti télévisi, internét, jeung *gadget*. Ku kituna, salah sahiji cara pikeun ngawanohkeun tur miara sastra Sunda wangun carpon téh nya éta diajarkeun di sakola minangka bahan pangajaran.

Dina hasanah atikan, carpon diajarkeun jeung puguh réngkolna. Ieu hal téh katembong dina (Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar) SKKD mata pelajaran Basa jeung Sastra Sunda, aya pangajaran ngeunaan carpon nu ditepikeun di jenjang sakola SD, SMP jeung SMA. Di SMP, pangajaran maca carpon diajarkeun di kelas VII.

Kagiatan maca, hususna maca carpon teu bisa disapirakeun. Sabab, salian ti méré hiburan nalika macana, carpon ogé eusina ngandung ajén-ajén anu mangpaat pikeun kahirupan, sabab karya sastra (kaasup carpon) mangrupa tironan

tina kahirupan nyata. Siswa tangtu bakal leuwih nyaho kana naon mangpaat jeung ajén-ajén nu aya dina carpon téh lamun geus maluruh struktur carita nu ngawengku: téma, tokoh, latar, galur, jeung amanatna. Tina éta struktur téh baris kanyahoan naon anu jadi tema caritana, kumaha jalan caritana, di mana tempat kajadianana, saha tokohna, tur naon anu jadi amanat tina éta carpon. Saperti anu di ébréhkeun ku Damono (dina Koswara, 2007: 10) yén karya sastra téh diciptakeun ku sastrawan pikeun dirarasakeun, dipikapaham jeung dimangpaatkeun ku masarakat. Ku kituna, pikeun maham eusi jeung maksudna, karya sastra kudu dianalisis.

Pikeun mikanyaho eusi carita tur maham ajén jeung mangpaat nu nyangkaruk dina carpon, kudu dipaluruh/dianalisis struktur caritana. Sabab dina enas-enasna karya sastra (kaasup carpon) miboga sababaraha fungsi, di antarana: fungsi hiburan nu diciptakeun ku pangarang ngaliwatan eusi caritana, fungsi etika atawa moral nu ditepikeun ngaliwatan amanat anu aya dina struktur caritana, fungsi atikan atawa pangajaran anu bisa dicangking sanggeus maca eusi caritana, tur fungsi gambaran kahirupan dina eusi caritana anu ngagambarkeun realitas sosial-budaya iraha jeung di mana éta karya diciptakeun. Ku kituna, pamarekan nu dipaké dina ieu panalungtikan pikeun nganalisis carpon téh nya éta pamarekan struktural. Tiori strukturalisme napak kana hiji prinsip yén téks sastra mangrupa hiji-hijina jalan pikeun néangan ma'na.

Anapon anu dijadikeun objék dina ieu panalungtikan nya éta kumpulan carpon *Ma Inung Néwak Cahaya* karangan Mamat Sasmita. Ieu buku kumpulan carpon dipedalkeun ku PT Kiblat Buku Utama di taun 2012. Eusi tina ieu buku nya éta 12 carpon, anu judulna: 1) Nini Jumsih Moro Langlayangan; 2) Silang Sigeu; 3) Basa Mamah Rék Ngajual Imah; 4) Ateul; 5) Kang Sabri Leungiteun Kalangkang; 6) Kang Sabri Mati Suri; 7) Gagal; 8) Wastu di Wastu; 9) Ma Inung Néwak Cahaya; 10) Onyét; 11) Nguseup; 12) Basa Mamah Jadi Caleg. Pamilihan ieu kumpulan carpon dumasar kana sababaraha alesan. Salian ti mangrupa carpon anu anyar medal, ieu kumpulan carpon ditalungtik pikeun mikanyaho kagemblengan ma'na ngaliwatan struktur caritana. Tuluy nilik kana fungsi karya

sastra, ieu kumpulan carpon ogé bisa dijadikeun salah sahiji alternatif pikeun bahan pangajaran maca carpon di SMP.

Panalungtikan sawanda nu ngagarap ngeunaan analisis struktural karya sastra anu kacatet di ruang baca Jurusan Pendidikan Bahasa daerah, di antarana: 1) Azhar Zakiah, 2007. *“Analisis Unsur Intrinsik Carita Pondok Tarjamahan dina Majalah Cupumanik”*; 2) Ika Sukmawati, 2005. *“Unsur Intrinsik dina Novél Rusiah Geulang Rantay Karya Nanie Sudarma”*; 3) Randi Herawan, 2011. *“Struktur Dongéng di Kacamatan Cicalong Wétan Kab. Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP”*; 4) Aef Saeful Islam, 2011. *“Unsur Intrinsik Carita Rayat Kacamatan Cigasang Kabupatén Majalengka Pikeun Bahan Pangajaran Sastra di SMA”*; jeung Triane Swara Tarasaty, 2012. *“Analisis Struktural dina Novél Perang Bubat Karangan Yoseph Iskandar”*.

Dumasar kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan dibéré judul **“STRUKTUR CARITA DINA KUMPULAN CARPON MA INUNG NÉWAK CAHAYA KARANGAN MAMAT SASMITA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMP”**.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan masalah

Dumasar kana kasang tukang anu geus ditétélakeun saméméhna, masalah dina ieu panalungtikan diwatesanan sangkan tujuan panalungtikan bisa kahontal. Ku kituna, masalah nu dianalisis tur dipedar dina ieu panalungtikan diwatesanan kana struktur carita nu ngawengku: 1) téma carita, 2) fakta carita (plot, tokoh jeung penokohan, latar), 3) sarana carita (puseur panitén, jeung amanat) anu satuluyna diaplikasikeun pikeun bahan pangajaran maca di SMP.

1.2.2 Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan, baris dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita (téma, fakta carita jeung sarana carita) unggal carpon dina buku kumpulan carpon *Ma Inung Néwak Cahaya* karangan Mamat Sasmita?

- 2) Kumaha ngalarapkeun ieu hasil panalungtikan sangkan bisa dijadikeun bahan pangajaran maca di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum nu baris dihontal nya éta pikeun nambahan pangdeudeul bahan pangajaran pikeun pangajaran sastra, hususna pangajaran maca carpon di SMP.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta:

1. pikeun nganalisis, medar jeung ngadéskripsikeun struktur carita unggal carpon dina buku kumpulan carpon *Ma Inung Néwak Cahaya* karangan Mamat Sasmita kalawan ngagunakeun pamarekan strukturalisme;
2. pikeun nyusun bahan pangajaran maca carpon di SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan jeung ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan analisis struktural tur bisa méré pangdeudeul dina maham jeung ngaprésiasi karya sastra hususna carpon. Salian ti éta, miharep sangkan bisa dijadikeun hiji référénsi tur acuan pikeun panalungtikan anu leuwih jembar deui.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa numuwuhkeun karep jeung karesep maca karya sastra Sunda hususna carpon di kalangan siswa SMP.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu tulisan wangun skripsi téh dipidangkeun dina lima bab. Bab I nu mangrupa bubuka eusina ngawengku kasang tukang, watesan jeung rumusan

masalah, tujuan, mangpaat jeung raraga tulisan anu patali jeung jejer panalungtikan.

Tuluy Bab II anu eusina medar ngeunaan tiori anu dipaké pikeun ngarojong ieu panalungtikan. Dina ieu panalungtikan tiori nu dipedar nya éta ngeunaan carpon, strukturalisme jeung struktur carpon, tur bahan pangajaran maca di SMP.

Sanggeus Bab II tuluy ka Bab III anu eusina ngawengku sumber data, desain, métode, wangenan operasional, instrumén, jeung téhnik nu dipaké patali jeung jejer panalungtikan.

Dina Bab IV eusina medar ngeunaan hasil analisis struktur carita unggal carpon dina kumpulan carpon *Ma Inung Néwak Cahaya* karangan Mamat Sasmita anu satuluyna dilarapkeun pikeun bahan pangajaran maca carpon SMP kelas VII ku cara nyieun RPP.

Anu pamungkas, nya éta Bab V anu medar kacindekan hasil analisis panalungtikan jeung méré saran.